

**AVI POU TAKS
AK FRÈ AN RETA**

31 oktòb 2020

ADRÈS PWOPRIYETE A

MINISIPALITE

BLÒK

PASÈL

Chè Pwopriyete,

Selon dosye nou yo, ou dwe \$1,000 dola oswa plis nan taks sou pwopriyete ak/oswa lòt frè ki gen pou wè ak pwopriyete (san konte dlo ak dlo ize) sou pwopriyete nou mansyone pi wo a.

Tanpri peye taks ak frè ou poko peye yo

- Sou entènèt: nyc.gov/citypay
- Pa lapòs: Ekri chèk ou oswa chèk postal (money order) ou sou non "NYC Department of Finance". Sou liy memo a, ekri nimewo minisipalite, nimewo blòk, ak nimewo pasèl (BBL) pwopriyete a, ki afiche sou kupon ki pi ba a.
- Fas-a-fas: Ale nan yon sant biznis Depatman Finans. Adrès ak èdtan yo disponib sou nyc.gov/visitdof oswa lè w rele nan 311.

Akò pou fè Peman

Depatman Finans bay plizyè opsyon akò pou fè peman pou pwopriyete kay ki elijib yo, ki gen ladan yo pwogram Taks sou Pwopriyete ak Rapò Enterè (Property Tax and Interest Deferral, PT AID), ki kapab ede pwopriyete kay oswa apatman elijib ki gen youn (1) rive twa (3) fanmi ki te an reta nan peman taks sou pwopriyete yo. Pou siyen yon akò pou fè peman, tanpri ale nan yon sant biznis Depatman Finans.

Egzanpsyon Taks pou Pwopriyete (gade paj 3)

Si pwopriyete w la se yon kay oswa apatman ki gen youn (1) rive twa (3) fanmi, ou ka kalifye pou yon egzansyon taks sou pwopriyete ki kapab bese bòdwo taks sou pwopriyete w la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzansyon taks sou pwopriyete, ale sou nyc.gov/ownerexemption oswa rele 311.



Tanpri detache kupon sa a epi mete li ak peman w lan.

Montan total ou dwe: \$

Montan ou peye:

Voye Peman an pa Lapòs Bay:

NYC Department of Finance
P.O. Box 680
Newark, NJ 07101-0680

Kesyon ak Repons Sou Avi Sa a

Kisa k ap rive si m pa reponn avi sa a nan peye taks sou pwopriyete mwen oswa lòt frè ki gen rapò ak pwopriyete yo?

Si w pa peye taks sou pwopriyete ou, dlo/dlo ize, oswa lòt frè yo, plis nenpòt enterè ki ogmante, pwopriyete w la kapab vin elijib pou lavant dwa privilèj pi devan. Pandan yon lavant dwa privilèj, yo vann dèt ou bay yon lòt achtè ki pral chèche pran li nan men w apresa. Nan dat lèt yo ekri lèt sa a, Depatman Finans (Department of Finance, DOF) poko gen otorizasyon pou li òganize yon lavant dwa privilèj taks pou 2021 epi li poko tabli yon kalandriye lavant dwa privilèj taks pou 2021.

Kijan m ap fè konnen si pwopriyete m lan vin yon kandida pou lavant dwa privilèj?

Nou pral voye yon avi ba ou ak nenpòt pati konsène ki anrejistre omwen 90, 60, 30 ak 10 jou anvan lavant lan. Yo pa pa mete pwopriyete w la nan lavant dwa privilèj sof si DOF voye avi sa yo pa lapòs anvan lavant lan.

Ki kalite dèt yo vann nan yon lavant dwa privilèj?

Taks reyèl sou pwopriyete; frè pou dlo ak dlo ize, ki gen ladan frè anplis yo; lòt frè reyèl ki gen rapò ak pwopriyete, tankou frè pou Pwogram Reparasyon Annijans ak Pwogram Altènatif pou Aplikasyon Lwa; ak enterè ki ogmante.

Ki frè anplis m ap sipòte si yo òganize yon lavant dwa privilèj an 2021 epi yo vann dèt mwen an nan lavant dwa privilèj la?

Anplis dèt ou pa peye a, montan ou dwe a pral ogmante paske nouvo moun ki gen dwa privilèj la kapab mande w peye: yon frè anplis ki se 5% sou tout montan dwa privilèj la; enterè a, yo kalkile chak jou epi ou dwe peye chak sis (6) mwa; ak frè administratif ki asosye avèk lavant dwa privilèj la, tankou yon frè yo estime ki se \$300 dola pou peye frè pou nenpòt reklam ak avi. Nouvo moun ki gen dwa privilèj pral ba ou yon lis detaye ki gen ladan taks, enterè, frè anplis ak frè yo. Pi bon bagay ou kapab fè pou evite frè sa yo se peye dèt ou yo pou anpeche pwopriyete w la tonbe nan zafè lavant dwa privilèj.

Si yo òganize yon lavant dwa privilèj an 2021, kisa k ap pase apre yo fin vann yon dwa privilèj?

Nan espas 90 jou, Vil la pral enfòmè ou pa lapòs sou tè ak kondisyon yo te vann dwa privilèj yo, ki gen ladan yo dwa pou respekte dwa privilèj yo nan yon delè yo fikse, non ak adrès moun ki achte dwa privilèj yo, ak non reprezantan otorize nouvo moun ki gen dwa privilèj ou ta dwe kontakte a. Reprezantan an ap kontakte ap kontakte ou pa lapòs konsènan aranjman peman yo.

Si yo òganize yon lavant dwa privilèj an 2021, èske nouvo moun ki gen dwa privilèj la kapab vann pwopriyete m lan?

Wi, nouvo moun ki gen dwa privilèj la kapab tanmen pwosedi degèpisman ki kapab mennen nan lavant pwopriyete w la si w pa peye montan ki nesèsè a lè pou peye li. Pou evite degèpisman, ou dwe (a) peye tout montan dwa privilèj la, ki gen ladan li frè anplis, frè administratif, ak enterè ki ogmante, nan espas yon (1) lane apre dat lavant dwa privilèj taks la; oswa (b) siyen yon akò pou fè peman avèk moun ki gen dwa privilèj la.

Poukisa mwen resevwa avi sa a pandan mwen deja siyen yon akò pou fè peman?

Si ou te resevwa avi pou lavant dwa privilèj ki pase epi ou te siyen yon akò pou fè peman, ou resevwa avi sa a paske akò a pa ajou (ou pa t fè peman ki obligatwa yo pandan sis (6) mwa). Si w pa mete akò pou fè peman w lan ajou epi yo òganize yon lavant dwa privilèj an 2021, pwopriyete w la ka vin elijib pou lavant dwa privilèj la.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis lavant dwa privilèj la?

Ale sou nyc.gov/liensale, rele 311, oswa voye imèl bay taxlien@finance.nyc.gov. Ou ka rele medyatè lavant dwa privilèj Depatman Finans (Department of Finance) lan nan (212) 440-5408. Moun aje yo ka rele medyatè pou sitwayen aje yo nan (212) 440-5407. Pou kesyon sou frè Pwogram Reparasyon Annijans ak Pwogram Altènatif pou Aplikasyon Lwa, kontakte Inite Lavant Privilèj pou Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation & Development, HPD) nan (212) 863-6020, oswa voye imèl bay hpdperp@hpd.nyc.gov.

Pou poze kesyon sou frè pou dlo ak dlo ize, kontakte Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) nan (718) 595-6628 oswa ombuds@dep.nyc.gov.

Pou jwenn enfòmasyon sou konsèy finansye gratis ak lòt sèvis nan men Biwo Endepandans Finansye nan Depatman Afè Konsomatè Vil New York, ale sou nyc.gov/talkmoney oswa rele 311.

Egzanpsyon ak Kredi ki Ka Ekate Pwopriyete w la nan Lavant Dwa Privilèj		Lòt Egzanpsyon Taks sou Pwopriyete	
Egzanpsyon/Kredi	Elijibilite	Egzanpsyon	Elijibilite
Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki Aje (Senior Citizen Homeowners' Exemption, SCHE)	Pou moun aje (ki gen 65 lane oswa plis) ki gen yon revni anyèl ki \$58,399 dola oswa mwens. Pou aplike, ale sou nyc.gov/sche .	STAR Debaz (Alejman Fiskal pou Lekòl)	Pou tout pwopriyete kay, apatman ki gen anpil pwopriyete, ak apatman ki gen revni anyèl ajiste anvan dediksyon ki \$500,000 oswa mwens, akondisyon omwen yon pwopriyete itilize pwopriyete a kòm rezidans prensipal li. Pa gen egzijans pou laj.
Egzanpsyon pou Pwopriyete Kay ki gen Andikap (Disabled Homeowners' Exemption, DHE)	Pou pwopriyete kay ki gen andikap ki gen yon revni anyèl ki \$58,399 dola oswa mwens. Pou aplike, ale sou nyc.gov/dhe .	STAR Amelyore	Pou moun aje (ki gen 65 lane oswa plis) ki gen revni anyèl ajiste anvan dediksyon ki \$90,550 dola oswa mwens. Pou aplike pou STAR Debaz oswa Amelyore, ale sou nyc.gov/star .
Egzanpsyon pou Veteran	Tout benefisyè egzanpsyon pou veteran «konba» oswa «andikap» pa nan zafè lavant dwa privilèj la. Si ou gen yon egzanpsyon Fon Elijib oswa «ansyen lwa», n ap retire ou nan lavant dwa privilèj la sèlman si ou te achte pwopriyete a avèk peman ou te resevwa kòm konpansasyon prizonye lagè nan men gouvènman federal la. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/ownerexemption .	Egzanpsyon pou Veteran (Enfòmasyon Jeneral)	Pou veteran militè ameriken ki te sèvi pandan kèk peryòd konfli ki deziyen; Madanm/mari, vèf/vèv veteran ki elijib yo, ak paran Gold Star (Etwal Annò) yo. Pou aplike, ale sou nyc.gov/ownerexemption .
Enfòmasyon sou "Switch Santral" Eta New York	Pou pwopriyete kay Eta New York ki gen revni anyèl ajiste anvan dediksyon ki \$18,000 dola oswa mwens. Pou aplike, ranpli epi soumèt Fòm IT-214 Eta New York "Reklamasyon pou Kredi Taks sou Pwopriyete Reyèl."		

Manm pèsonèl ki nan sèvis militè aktif ka mande pou yo pa mete yo nan lavant dwa privilèj depi yo ranpli yon fòm deklarasyon sou sèman ki disponib sou nyc.gov/militarytaxrelief.